# doomu Aadama weddi na ma te loolu waru ko woon,mu saaga ma te waru ko woon

Jële na ñu ci Abuu Hurayrata -yal na ko Yàlla dollee gërëm-: Jële na ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: "Yàlla nee na:doomu Aadama weddi na ma te loolu waru ko woon,mu saaga ma te waru ko woon,weddi gi mu ma weddi mooy,li mu wax ne: du ma dellóosiwaat,kem ni mu ma tàmbalee woon,te mbind mu njëkk gënut a doyadi fi man delloosiwaat ko,saaga gi mu ma saaga mooy, wax ji mu wax ne :Yàlla am na doom,te man maay kenn ki ñépp jublu, juruma kenn te kenn juru ma, te amuma benn nawle".

[Wér na] [Al-buxaariy soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day leeral ci hadiisul xudsiy bii ne Yàlla mu màgg mi dafa xibaare ne bokkaalekat yi ak yéefar yi dañu koo weddi di ko melal ci ay wàññiku ak i ayib, te loolu jaaduwul ci ñoom. Bu dee seen weddi gi ñuy weddi Yàlla: mooy li ñu defe ne Yàlla du leen dellóosiwaat ginnaaw bu ñu faatoo, kem ni mu leen binde woon ca yoon wu njëkk wa ñu jóge cig ñàkk,mu weddi leen ci ne ki sos mbind mi cig ñàkk am na kàttanu dellóosiwaat ko te sax moo gën a woyof,donte bu dee ci Yàlla bind gi ak dellóosi gi ñoo yam, ndax Yàlla lépp la man. Bu dee saaga gi: mooy li ñu wax ne: am na doom, mu weddi leen ci ne moom mooy kenn ki wéet te mat sëkk ci ay turam ak i meloom ak i jëfam, di ki set ci géppug wàññiku ak ayib, mooy ki ñuy jublu soxlawul kenn, te ñépp soxla ko, du way-juru kenn, te du doomu kenn,te amul benn nawle mbaa niróowaale moom Aji-Sell ju kawe ji.



النجاة الخيرية
ALNAJAT CHARITY
لجنة الدعوة الإلكترونية
EDC E-Da'wah Committee